

Kisa pou w fè pou Newopati periferik

Newopati periferik se lè nè ki kontwole sansasyon ak mouvman bra, janm, men, ak pye yo vin domaje. Kondisyon sa yo tou a rele newopati.



Kisa ki lakòz newopati kay moun ki gen kansè?

Youn nan kòz ki pi komen newopati se chimyoterapi. Aparisyon sentòm newopatik yo – epi nivo gravite yo – depann de tip ak dòz chimyo an, osi byen ke frekans administrasyon li. Newopati souvan vin pi mal toutotan tretman ap pwogrese, oswa si dòz yo ap ogmante.

Newopati ka lakoz tou pa:

- Lòt tretman kansè, tankou chiriji oswa radyasyon
- Timè k ap fè presyon sou nè yo
- Enfeksyon ki afekte nè yo
- Domaj nan mwèl epinyè
- Dyabèt
- Bwè twòp alkòl
- Zona
- Nivo ba vitamin B
- Kèk maladi otoiminitè
- Enfeksyon VIH (viris iminodefisyans imen)
- Move sikilasyon (maladi vaskilè periferik)



Kijan sansasyon newopati ye?

Sentòm newopati yo sitou afekte men oswa pye yo, pafwa pwopaje pi lwen nan bra yo oswa janm yo. Li ka bay sansasyon tankou:

- Pikotman (oswa sansasyon foumi)
- Brile oswa sansasyon cho
- Angoudisman
- Feblès

- Enkonfò oswa doulè
- Transpirasyon oswa frison ki soti nan diminisyon kapasite pou santi chalè ak freddi
- Kranp nan janm ak pye



Kijan yo trete newopati?

Yo souvan bay tretman pou ede soulaje doulè ki ka vini ak newopati an. Chèchè yo ap chèche ki medikaman ki mache pi byen pou soulaje tip doulè sa. Li ka pran plis pase yon esè oswa yon sèl tip tretman pou jwenn sa ki pi byen mache pou ou an.

Kèk medikaman ak lòt tretman ki ka ede yo gen ladan yo:

- Patch oswa krèm ki gen medikaman anestezi ka aplike dirèkteman sou zòn k ap fè mal lan (pa egzanzp, patch lidocaine oswa krèm capsaicin)
- Medikaman kont depresyon, souvan nan dòz pi piti pase sa ki itilize pou trete depresyon
- Medikaman kont kriz, ke yo itilize pou ede kont lòt tip doulè nè
- Opyoyid oswa nakotik, pou lè doulè a grav
- Lòt tretman, tankou estimilasyon elektrik nè, fizyoterapi oswa ègoterapi, terapi relaksasyon, oswa akiponkti

Li enpòtan pou w travay tèt kole ak ekip swen kansè w lan pou yo ede w jere newopati an. Ekip swen kansè w lan ka kanpe de fason tanporè chimyoterapi an oswa ajiste dòz ou an si sentòm ou yo vin twò anmèdan oswa grav.



Kisa w ka fè pou ede w jere newopati?

Jiskaprezan, pa gen fason sèten pou w evite newopati. Li se yon pwoblèm komen pou kèk moun ki ka dire semèn, mwa, oswa menm ane apre tretman an fini.

Men ou ka fè kèk bagay pou ede w jere sentòm ou yo. Kòmanse touswit pou evite domaj alontèm ki ka pa amelyore.

- Pran medikaman doulè w jan ekip swen kansè w endike w. Pifò medikaman doulè mache pi byen si yo administre anvan doulè an vin grav.
- Pou evite blesi, evite sityasyon ki sanble ka agrave sentòm ou yo, tankou manyen bagay ki cho oswa frèt, avèk men w oswa pye w konsa, oswa mete rad oswa soulye ki twò sere.
- Si ou gen dyabèt, kontwole sik nan san w pou evite plis domaj nan nè w yo.
- Si w gen newopati nan men w, fè anpil atansyon lè l wap sèvi avèk kouto, sizo, zouti pou koupe, ak lòt objè file. Sèvi ak yo sèlman lè w ka mete tout atansyon w nan travay lan.
- Pwoteje men w lè w mete gan lè pou netwaye, travay deyò, oswa fè reparasyon.
- Pran swen pye w: Verifye yo yon fwa pa jou pou wè si w gen nenpòt blesi ouvè oswa maleng.

- Toujou mete soulye ki kouvri tout pye w lè w ap mache, menm lakay ou. Pale ak ekip swen kansè w de soulye oswa semèl espesyal ki ka ede pwoteje pye w. Asire w ke w gen fason pou sipòte tèt ou si w gen difikilte pou mache san manke tonbe. Ranp nan koulwa ak twalèt yo ka ede w kenbe balans ou. Yon aparèy pou mache oswa yon baton ka ba w sipò siplemantè.
- Itilize lanp pou lannwit oswa flach lè w ap leve nan fè nwa.
- Pwoteje tèt ou de blesi chalè lakòz. Mete aparèy chofaj dlo yo ant 105° ak 120°F pou ede redwi risk brile pandan w ap lave men w.
- Sèvi ak gan oswa tochon lè w ap manyen asyèt cho, griy, oswa chodyè.
- Si w ap benyen, tcheke tanperati dlo a ak yon tèmomèt.
- Evite bwè alkòl. Li ka fè sentòm ou yo vin pi mal.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Enfème ekip swen kansè w sou chanjman newopatin ou santi yo. Fè yo konnen kilè ou remake chanjman sa yo, ak kisa sa w gen pwoblèm, epi ki bagay ki amelyore oswa fè sentòm ou vin pi mal.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.